Reprezantasyon sou andikap ak atitid pwofesè yo, espesyalman sila yo k ap travay kòm pwofesè a ansanm ak sila yo k ap prepare pou vin pwofesè, pa rapò ak eskolarizasyon elèv andikape yo

Abdias FRANÇOIS(1), Nathalie PANTALÉON(2)

(1) Docteur en psychologie, Université Côte d'Azur, Laboratoire d'Anthropologie et de Psychologie Cliniques, Cognitives et Sociales (LAPCOS), France, (2) Abdias François Docteur en psychologie, Université Côte d'Azur, Laboratoire d'Anthropologie et de Psychologie Cliniques, Cognitives et Sociales (LAPCOS), France Nathalie Pantaléon Maîtresse de Conférences, Université Côte d'Azur, Laboratoire d'Anthropologie et de Psychologie Cliniques, Cognitives et Sociales (LAPCOS), France

DOI : https ://doi.org/10.17184/eac.9148

Résumé : Ce chapitre s'intéresse aux attitudes des enseignants en exercice et en formation sur la scolarisation des élèves handicapés (tous types de handicap) dans le 1er et 2e cycle de l'enseignement fondamental en Haïti, notamment au rapport entre ces attitudes, la formation, les croyances culturelles, le sentiment de compétences et les intentions d'agir des enseignants. Après avoir présenté la scolarisation des élèves handicapés et certains obstacles, il décrit les représentations sociales du handicap en Haïti. Ensuite, à partir d'une enquête par questionnaire, il analyse leurs attitudes sur la scolarisation des élèves handicapés.

Mots-clés : Enseignement fondamental, attitudes, formation, scolarisation des élèves handicapés

Entwodiksyon

Pwomosyon nan edikasyon timoun ki gen andikap se yon oryantasyon ki enskri nan kad pwojè mondyal sou Edikasyon Pou Tout moun (EPT), espesyalman depi konferans Jomtien nan ki te fèt nan ane 1990, epi ki te reyalize sou inisyativ divès òganizasyon nan Nasyon Zini, tankou Òganizasyon Nasyon Zini pou Edikasyon, Lasyans ak Kilti (UNESCO) ak Fon Nasyon Zini pou Timoun (UNICEF). Deklarasyon mondyal sou EPT a ansanm ak kòd aksyon li ki gen pou objèktif « reponn ak bezwen fondamantal

yo nan domèn edikasyon » pou tout timoun. Eskolarize timoun ki andikape yo nan lekòl òdinè ansanm ak kamarad yo ki pa gen andikap epi ki nan menm gwoup laj ak yo kapab konsidere tankou yon aksyon pou konbat diskriminasyon ak esklizyon. Nan peyi Dayiti, daprè konstitisyon revize a (nan atik 32-8 la) ak lwa 13 mas 2012 la (nan chapit V la : Aksè pou edikasyon), tout lekòl ki nan repiblik la dwe ouvè pòt yo pou akeyi tout timoun san paspouki. Aprè tranblemann tè 12 janvye 2010 la ki ta pral lakòz ogmantasyon kantite moun ki gen andikap[1] yo, Leta ayisyen te montre volonte l pou amelyore fason oubyen metòd pou eskolarize elèv ki andikape yo. Nan Plan Operasyonèl 2010-2015 la Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) te elabore a, Leta te defini koman pou eskolarize elèv andikape yo. Leta te pran angajman pou li kreye kondisyon (tankou ouvri yon klas espesyalize nan yon lekòl piblik nan chak komin, rekrite 290 pwofesè espesyalize) pou akeyi plis elèv andikape, espesyalman timoun ak jèn yo ki gen andikap fizik oswa mantal (MENFP, 2012). Ak Plan Operasyonèl sa, Leta ayisyen te fikse plizyè objèktif pou 2015 tankou : garanti aksè pou edikasyon, amelyore kalite edikasyon l ap ofri epi devlopman timoun ak jèn ki gen andikap. Men, objèktif sa yo pa te rive reyalize, anplis gen lòt chèchè ki ale pi lwen, yo rive obsève kòman sistèm edikatif ayisyen an gen tandans mete sou kote elèv ki gen andikap yo (Wamba, 2020 ; Lainy, 2020).

Malgre anpil efò ki fèt, Ayiti twouve l nan faz inisyal nan domèn eskolarizasyon timoun ki gen andikap. Trè souvan, eskolarizasyon timoun sa yo depann de volonte ak angajman direktè ak pwofesè lekòl yo. An reyalite, dapre divès chèchè (De Boer *& al.*, 2011 ; Ramel, 2015), atitid pwofesè yo jwe yon gwo wòl nan devlopman lekòl enkliziv la. Anplis, nan yon sosyete tankou Ayiti kote pratik kiltirèl ak tradisyonèl yo trè prezan nan fason moun panse, ebyen pratik sa yo genyen anpil konsekans sou atitid pwofesè yo pa rapò a eskolarizasyon elèv andikape yo. Kidonk, kwayans yo enfliyanse eskolarizasyo elèv andikape yo. Anplis, rechèch yo montre kòman kwayans pwofesè yo gen gwo enpak sou fason yo anseye (Mellati *& al.*, 2013). Se pou rezon sa li enpòtan pou n konprann atitid pwofesè ki deja ap anseye yo menm jan ak sila yo k ap pran fòmasyon pou vin pwofesè. Nan rechèch sa, nou gen menm enterè pou pwofesè yo ki nan fòmasyon inisyal ak sila yo ki deja ap travay kòm pwofesè paske « *atitid ak preyokipasyon pwofesè yo ki nan fòmasyon an konsidere tankou yon faktè kle ki enfliyanse devlopman ak siksè lekòl enkliziv la* » (Ahsan *& al.*, 2012, p. 5).

Chapit sa konsantre sou atitid pwofesè ki nan fonksyon an ak sila ki nan fòmasyon sou sa ki gen pou wè ak eskolarizasyon elèv ki gen andikap (tout tip andikap) nan nivo primè (pre eskolè ak sètifika) nan sistèm edikatif ayisyen an, espesyalman rapò ki genyen ant atitid sa yo, fòmasyon pwofesè yo, kwayans kiltirèl yo, santiman konpetans yo epi entansyon yo nan aksyon pwofesè yo. Nan chapit sa, nan yon premye tan, nou prezante eskolarizasyon elèv ki gen andikap ak kèk lòt baryè yo rankontre, aprèsa nou pale de fason (reprezantasyon) sosyete a wè fenomèn andikap la. Pou n fini, gras ak yon ankèt atravè yon kesyonè, nou analize atitid pwofesè yo, sila yo ki nan fonksyon an menm jan ak sila yo ki nan fòmasyon, sou eskolarizasyon elèv ki gen andikap yo.

[1] Li soti nan 800 000 pou rive nan 1.1 milyon moun andikape (RNDDH, 2011 ; Lainy, 2020).

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

1 Andikap ak eskolarizasyon elèv andikape yo

1.1 Baryè sikososyal nan kad eskolarizasyon elèv andikape yo

Eskolarizasyon elèv ki gen andikap yo soulve anpil deba nan mond lan nan domèn edikasyon, ekonomik, sosyal ak politik. Eskolarizasyon elèv sa yo fè fas ak anpil baryè (OMS, 2012) ki kapab klase nan 2 kategori (Ravaud, 1990 ; Ammar, 2019). Premyèman, gen baryè materyèl, pedagojik ak didaktik. Baryè sa yo gen rapò ak yon espas sosyal byen amenaje (lekol, espas fizik, elatriye). Baryè sa yo kapab rive rezoud ak pwogrè teknolojik tankou (NTIC, tablèt taktil, soutitraj, elatriye) epi ak fòmasyon pedagojik solid pou pwofesè yo. Dezyèmman, gen baryè sikososyolojik. Baryè sa yo plis vizib nan kad rapò moun ki gen andikap yo devlope ak sila yo ki pa gen okenn andikap epi nan zafè rezistans ki egziste kont aplikasyon lwa ki la pou favorize eskolarizasyon elèv andikape nan lekòl òdinè yo. Baryè sa yo gen pou wè ak reprezantasyon sosyal plizyè aktè nan domèn edikasyon (egzanp : pwofesè, responsab lekòl, paran, elatriye) konstwi sou andikap sa.

Nou kapab konsidere reprezantasyon sosyal yo tankou yon inivè senbolik, ki pran nesans nan yon kilti patikilye (Jodelet, 2003) ; nan sans sa, de yon kilti a yon lòt kilti, reprezantasyon sosyal sa yo sou andikap diferan (Stiker, 2013 ; Gardou, 2014 ; Reichhart & Lomo, 2020). Kelkeswa fòm andikap la ta ye, li twouve orijin li nan yon kilti epi li makònen ak yon ansanm eleman ki prezante plizyè dimansyon : istorik, sosyal, relijye, ekonomik ak politik. An reyalite, « *tout kilti se yon nich kwayans, epi sou plizyè fòm ak plizyè nivo, sipèstisyon toujou prezan* » (Gardou, 2017, p. 10). Nan rechèch Gardou ak kolèg li yo (2014 ; 2017), yo montre nan sosyete kote tout bagay konsidere kòm volonte Bondye epi makònen ak pratik tradisyonèl (tankou sòsèlri, kwayans nan zansèt yo, atachman ak espwi sinatirèl), reprezantasyon yo (toujou) gen rapò ak yon sistèm de kwayans. Donk, nan yon peyi tankou Ayiti kote kontèks sosyo-ekonomik la trè difisil ak enkyetan (ki lakoz anpil moun pa gen aksè a swen medikal), reprezantasyon sa yo ranfòse pi plis toujou. Nan sans sa, nan demach pou chèche swen oswa gerizon, li pi fasil pou moun yo lage yo nan pratik tradisyonèl yo oswa lage tout konfyans yo nan Bondye (Damus, 2017).

1.2 Reprezantasyon sosyal sou andikap an Ayiti

Ant dimansyon espirityèl ak divin

Sosyete ayisyèn an (toujou) wè andikap nan yon linèt ki pa rasyonèl epi ki majik (Damus, 2017). Se tankou se nan sosyete afrikèn yo, tout bagay se yon siy, yon siyifikasyon ak yon siyifye (Mbassa Menick, 2015 ; Diop, 2012). Nan menm konsepsyon sa, chak fwa yon moun twouve l fas a yon sitiyasyon li pa metrize, sitiyasyon sa toujou asosye ak yon eksplikasyon ki sinatirèl oswa ki divin. Ebyen nan sosyete ayisyèn nan, andikap la kapab gen 2 eksplikasyon prensipal. Premyèman, li gen yon eksplikasyon espirityèl avèk yon dimansyon envizib oubyen sinatirèl. Bò kote pa l, Damus (2017, p. 125) pale de « *konsepsyon ak yon koz ekstèn* ». Nan konsepsyon sa, sosyete a konsidere andikap la tankou se yon atak movèz espri oswa yon maladi dyab, elatriye. Nan sans sa, diskou yo ki pi kouran fè kwè se lwa nan fanmiy, sa vle di movèz espri ki ap aji paske yon paran oswa yon gran paran fè yon bagay ki mete lwa sa yo an kòlè. Men tou, li kapab soti nan yon fòm de pèsekisyon, sa vle di yon kalte move sò ki

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

sòti bò kote yon manm nan fanmiy lan oswa bò kote lòt moun ki pa nan fanmiy lan. Kidonk, tout moun konsène ! Konsa, yon fanm ansent kapab trè vilnerab. Pa egzanp, si li tonbe sou yon bèt ki lèd anpil epi ki panike l, li kapab akouche yon timoun ki sanble ak bèt lèd sa ; se menm jan tou si nan somèy li, fanm sa panike pa yon movèz espri, li ka akouche yon timoun ki gen malfòmasyon.

Dezyèmman, li gen yon eksplikasyon divn. Lè sa andikap la konsidere tankou se yon pinisyon oubyen yon chatiman Bondye bay yon moun pou peche l fè oubyen pou dezobeyisans li. Men tou, pafwa sosyete a wè andikap la tankou se volonte Bondye k ap pase pitit li nan eprèv. Nan ka sa, fanmiy yo remèt sò yo a Bondye ki kapab geri andikap sa. Daprè Damus (2017), an Ayiti, moun andikape yo konvèti anpil, sa vle di rejwenn relijyon krisyanism, nan espwa yon gerizon mirak Bondye. Nan sosyete tankou Ayiti, legliz (egzanp : pwotèstan) se yonn nan ra enstitisyon pa repouse moun ki ap viv ak andikap. Pou sila yo ki kretyen, yo toujou di ak Jezi tout bagay posib paske li gen pouvwa pou fè mirak epi geri tout kalte maladi ak andikap menm jan li te geri 10 moun ki tap soufri ak maladi lèp daprè labib nan Lik 17 vèsè 11 a 19.

Eskolarizasyon elèv andikape yo

Fanmiy se yon aktè kle nan lavi moun ki ap viv ak andikap an Ayiti (Damus, 2019). Nan mitan fanmiy moun ki gen andikap la, trè souvan yo devlope an menm tan plizyè mòd panse ak santiman tankou akseptasyon, wont, rejè ak anvi pou mouri. Men tou, fanmiy yo devlope lanmou, konpasyon ak dezi pou pwoteje pitit yo ak pwòch yo ki gen andikap. Nou dwe di tou an Ayiti se fanmiy pwotektè yo ki konplètman pran swen ak sipòte moun andikape yo paske politik piblik ak sosyal yo pa prèske devlope (Damus, 2019). Men, daprè yon etid ki te fèt nan Kap Ayisyen ak Potoprens nan ane 2018 sou fason moun wè andikap nan sosyete a, nou te rive fè entèvyou ak 12 moun (gen nan yo ki te gen andikap, lòt yo se responsab òganizasyon). Bò kote responsab òganizasyon yo, genyen ki di gen fanmi ki kache timoun yo ki gen andikap anndan kay yo akoz reprezantasyon yo trè negatif sou andikap ; « *Akoz movèz pèsepsyon sou andikap, gen paran ki wont paske yo gen timoun ki andikape, yo neglije timoun sa yo, yo kache l anndan kay. […] Si w ta mande yo konbyen pitit yo genyen, yo ka di yo gen 2, men an reyalite yo genyen 3 pitit nan fanmiy lan* » (yon responsab, Potoprens). Nan ka sa yo, genyen fanmi ki pa voye pitit yo ki gen andikap la lekòl paske yo konsidere timoun sa yo p ap sèvi a anyen demen, p ap mennen okenn rezilta, epi pou yo se yon lajan jete ; « *Lè yo voye yon timoun lekòl, nan lavni, lè li grandi, li pral travay epi pran swen paran li ; men yon timoun ki gen andikap se yon moun ki pa vo anyen, li p ap janm kapab travay pou ede paran l. Yo pa wè sa vo lapèn pou yo fè depans ki p ap itil anyen an retou* » (yon responsab, Potoprens). Nan ka kontrè, lè kèk paran vle mete pitit yo ki gen andikap lekòl, yo ka rankontre refi. Gen anpil direktè lekòl ak pwofesè ki pa vle resevwa elèv sa yo, epi pafwa yo konn mande pou gen yon moun ki akonpanye elèv sa yo nan klas yo ; yon responsab asosyasyon eksplike « *Gen lekòl ki egzije paran yo bay yon moun pou okipe bezwen timoun ki andikape a nan kad eskolarizasyon li* » (yon responsab, Potoprens) ; nan lòt ka, refi a mwens kondisyone men li plis kategorik : « *Men gen anpil direktè lekòl ak pwofesè ki gen anpil enkyetid sou eskolarizasyon timoun sa yo nan lekòl yo oswa ki reponn dirèkteman non a paran timoun ki andikape yo* » (yon responsab, Pòtoprens). Anplis, pou eskolarize timoun

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

sa yo, yo rankontre lòt difikilte tankou aksè fizik lekòl yo (gen klas ki a letaj, pa gen ranp pou monte), mank resous zimèn, ak absans teknolojik, elatriye. Plis ankò, menm jan Lainy (2020) ak Wamba (2020) denonse li a, yo toujou repwoche Leta ayisyen, espesyalman Ministè Edikasyon Nasyonal, pou absans yon politik edikativ an favè timoun andikape yo tankou sa te anonse.

Reprezantasyon moun k ap travay nan domèn edikasyon sou andikap ak sou eskolarizasyon elèv andikape yo afèkte pratik pwofesyonèl yo (Ramel, 2015). Pou kèk pwofesè, eskolarizasyon elèv andikape yo nan klas òdinè se yon pwosesis ki fè pati de yon vizyon global ki gen pou wè ak egalite epi jistis nan edikasyon timoun sa yo. Pou kèk lòt pwofesè, yo konsidere eskolarizasyon yon elèv andikape nan yon klas òdinè kòm yon menas pou pwofesyon yo ; yo wè li kòm yon sitiyasyon ki mande yo chanje fason yo abitye travay pa rapò ak nouvo wòl oswa nouvo responsabilite sa mande (Génolini & Tournebize, 2010). An Ayiti, konsta yo montre ke kantite pwofesyonèl (tout kalte) k ap travay nan divès domèn ki konsène moun ak andikap prèske pa egziste, epi tou Leta trè absan nan zafè òganizasyon lekòl. Sa fè ke lekòl sa yo. Sa fè ke lekòl yo pratikman pa gen resous (moun) pou sipòte lekòl yo nan kad eskolarizasyon elèv sa yo (MENPF, 2012).

2 Ki attitid pwofesè yo ki deja ap travay la epi sila yo ki ap pran fòmasyon pou vin pwofesè a sou eskolarizasyon elèv andikape yo ?

2.1 Atitid pwofesè yo nan rapò ak eskolarizasyon

Rechèch sou fòmasyon inisyal nan metye pwofesè a pale sou enfliyans fòmasyon sa a kapab genyen sou atitid pwofesè yo, sou santiman konpetans yo ak konfyans yo nan zafè eskolarizasyon elèv andikape yo nan lekòl òdinè yo (Forlin *& al.*, 2009). Yo eksplike ki jan fòmasyon inisyal yo se moman ki pi apwopriye pou mennen moun k ap prepare yo pou vin pwofesè yo rive gen yon atitid ki pi pozitif an favè elèv andikape yo (Chong *& al.*, 2007). Lè nou pale de « atitid », li kapab defini kòm oryantasyon global nan fason sosyete a wè yon objè, sa vle di oryantasyon pozitif oswa negatif pa rapò ak objè sa (Moscovici, 2004). Moun k ap prepare pou vin pwofesè yo, atitid yo sou eskolarizasyon elèv andikape yo rive trè enfliyanse pa fòmasyon yo resevwa nan kad fòmasyon inisyal la (Woolfolk & Hoy, 1990 ; Ahsan *& al.*, 2012). Si yo benefisye fòmasyon ki espesifik epi devlope konpetans solid pou anseye elèv ki gen diferan pwofil yo, nan sans sa yo pral santi yo plis konfòtab pou akeyi ak akonpanye elèv andikape yo (Ward & Le Déan, 1996). Kit se pwofesè ki nan fonksyon sa kounye a oswa sila yo k ap pran fòmasyon pou sa, atitid yo kapab enfliyanse pa plizyè faktè tankou karakteristik sosyodemografik, sosyopwofesyonèl (fòmasyon yo resevwa, eksperyans nan ansèyman jeneral oswa ak elèv andikape yo…), sosyokoyitif (santiman konpetans, kwayans kiltirèl…), ak lòt karakteristik (tantativ pou aji, nati andikap yo…) Benoit, 2016 ; Saloviita, 2020. Kèk paramèt tankou politik edikasyon nan yon peyi, sipò a lekòl yo, oswa fason pwofesè yo konprann politik edikasyon ki gen pou wè ak enklizyon nan lekòl, tout sa yo kapab aji sou atitid pwofesè yo (Jury *& al.*, 2021). Nou dwe mansyone Plan Operasyonèl 2010-2015[2] Ministè Edikasyon nasyonal la te fè a, li te pwopoze plizyè modil fòmasyon espesifik pou pwofesè yo ki nan pòs sa deja. Jodi a,

[2] Verifye nan aks 8 la ki pale sou « edikasyon espesyal » (MENFP, 2012).

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

gen plis pase 8 lane apre dat ki te fikse pou Plan Operasyonèl la te aplike, li vrèman enpòtan pou nou etidye atitid pwofesè yo ki deja ap anseye ak sila yo k ap prepare yo pou vin pwofesè tou. An reyalite, lè n konsidere objèktif Plan Operasyonèl la, li enteresan pou n evalye atitid pwofesè yo, sitou lè n konnen se sèlman 2 etid (Dupoux *& al.*, 2005 ; Dupoux *& al.*, 2006) ki te fèt espesyalman sou pwofesè yo ki deja ap travay la (oubyen nan fonksyon) nan peyi Dayiti.

2.2 Metodoloji ankèt la

Enfòmasyon pou rechèch sa te te rive jwenn gras ak yon kesyonè ki te gen 46 kesyon, epi ki te divize an 4 pati[3] diferan. Objektif premye pati a se twouve enfòmasyon sou moun k ap patisipe nan etid la tankou (laj, sèks, nivo diplòm, eksperyans yo ak moun ki andikape). Dezyèm pati a konsantre sou fòmasyon yo te resevwa sou andikap epi sou eksperyans yo nan rapò yo ak elèv, ak moun ki andikape. Twazyèm pati a evalye kwayans kiltirèl yo, santiman konpetans yo, ak entansyon yo nan aksyon yo. Katryèm pati a se vèsyon fransè (Benoit, 2016) sou yon kesyonè mezi ki genyen plizyè dimansyon. Kesyonè mezi sa rele « *Opinions Relative to Integration of Students with Disabilities* (ORI) » (Antonak & Larivée, 1995). Kesyonè mezi sa prezante nan « type Likert », li pèmèt nou evalye atitid pwofesè yo nan ki gen rapò ak eskolarizasyon elèv ki andikape yo. Kesyonè mezi sa gen 25 kesyon ki koresponn ak 4 dimansyon diferan : benefis entegrasyon an, kapasite yo konsidere yo genyen pou anseye, kapasite yo pou jere yon klas ki entegratif, ak pwogrè akademik elèv ki andikape yo.

Tab. 1 : Karakteristik sosyodemografik ak sosyopwofesyonèl pwofesè yo ki nan fonksyon (P nan Fonk) ak pwofesè yo ki nan fòmasyon inisyal (P nan FI).

Karakteristik sosyodemografik ak sosyopwofesyonèl		P nan Fonk		P nan FI	
		N = 111	Mwayèn	N = 82	Mwayèn
Sèks	Gason	44	1.00	36	1.00
	Fanm	63	2.00	45	2.00
	Pito pa reponn	4		1	
Laj	19 - 67 an	111	38.2	---	---
	20 - 46 an	---	---	82	30.6
Ane eksperyans	1 - 35 an	111	9.36		
Fòmasyon resevwa sou eskolarizasyon elèv andikape	Wi	44		16	
	Non	63		66	
	Mank	4			
Eksperyans nan entegrasyon	Jamè	51			
	Yon fwa oswa plis	60			

Ankèt sa te dewoule sou entènèt (nan mwa janvye ak fevriye 2021) gras ak yon lyen ki te kreye ak lojisyèl ki rele *Qualtrics*. Lyen sa te asosye ak yon nòt ki te la pou enfòme patisipan sou dewoulman ankèt la, epi se direktè lekòl yo ak direktè sant fòmasyon yo ki te pataje l ak patisipan yo. Kantite tan pou te reponn kesyonè a se te 20 minit pou pi plis. Enfòmasyon yo te analize ak lojisyèl ki rele *Jamovi* a, vèsyon 1.8.2.0.

[3]Nou te fè yon pre tès ak kesyonè sa ak 7 pwofesè ki ap travay deja epi 4 lòt pwofesè ki nan fòmasyon. Aprèsa, gen kèk kesyon ak konsiy nou te vin refè pou yo te kapab rantre nan kontèks kiltirèl ayisyen an.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Antou, 193 moun (80 gason, 108 fanm, 5 moun kip a bay enfòmasyon) ki patisipe nan ankèt sa, pi fò nan yo soti nan depatman Lwès ak Nò. Tankou nou ka wè nan tablo 1 an, gen 111 pwofesè ki deja ap travay nan premye ak dezyèm sik fondamantal, gen 82 pwofesè ki nan fòmasyon inisyal. Pwofesè yo ki ap travay la gen ant 19 ak 67 lane, avek yon mwayèn ($M = 38.2$), sila yo ki nan fòmasyon an gen ant 20 ak 46 lane ($M = 30.6$). Pwofesè yo ki ap travay la gen yon eksperyans ki evalye a 9.36 lane nan ansèyman jeneral. Kalkil Alfa de Cronbach yo (*les alphas de Cronbach*) montre yon bon konsistans anndan kesyonè mezi a ki sèvi pou evalye santiman konpetans ($\alpha = 0.89$), entansyon nan aksyon ($\alpha = 0.79$), kwayans kiltirèl ($\alpha = 0.92$), benefis entegrasyon ($\alpha = 0.70$), pwogrè akademik elèv andikape yo ($\alpha = 0.85$). Pou sa ki gen pou wè ak kapasite pwofesè yo eksprime pou anseye ak jere yon klas entegratif, rezilta yo akseptab (nan lòd sa a, $\alpha = 0.66$ ak 0.69).

3 Rezilta

Pwofesè yo ki ki deja ap travay la pa gen anpil eksperyans nan zafè entegrasyon an. Nan sa ki gen pou wè ak akeyi elèv andikape nan klas òdinè yo, 51 nan yo, anviwon 46%, pa janm resevwa yon elèv andikape nan klas yo ; kidonk 60 nan yo, swa 54%, deja resevwa elèv andikape pou pi piti yon fwa (tablo 1). Rezilta sa yo montre malgre difikilte ak kontrent, patikilyèman sa yo ki asosye ak reprezantasyon sou andikap la, gen pwofesè nan nivo primè ki resevwa elèv andikape nan klas yo. Pou sa ki konsène fòmasyon sou eskolarizasyon elèv andikape yo, pami 111 pwofesè ki nan fonksyon yo, sèlman 44 nan yo, swa 39.6%, ki konfime yo te resevwa fòmasyon sa yo. Men, majorite nan yo panse fòmasyon sa yo pa te byen fèt epi yo pa itil, sa vle di, fòmasyon sa yo pa byen prepare yo pou anseye elèv andikape yo. Konsènan pwofesè yo ki nan fòmasyon, 66 nan yo, swa 80.5%, pa resevwa okenn fòmasyon espesifik sou eskolarizasyon elèv andikape yo, paske pa gen okenn modil nan fòmasyon yo ki pale sou tematik sa. Pou sila yo ki di yo resevwa fòmasyon espesifik (19.5%), an gwo, yo pa tire okenn benefis sou fòmasyon sa ki ta ka pèmèt yo akeyi elèv andikape yo, paske kontni fòmasyon sa yo pa adapte, pa solid.

Tab. 2 : Estatistik deskriptiv ak rezilta nan Test Mann-Whitney ant pwofesè yo ki nan fonksyon (P nan Fonk) ak pwofesè yo ki nan fòmasyon inisyal (P nan FI)

Dimansyon	**Gwoup**	**K (Kantite)**	***M* (Mwayèn)**	***ET* (Eka-tip)**	***P* (Nivo siyifikativ)**
Kwayans	P nan Fonk	111	2.21	1.23	.01
	P nan FI	82	2.74	1.15	
Santiman konpetans	P nan Fonk	111	2.21	1.20	<.001
	P nan FI	82	1.68	0.98	
Entansyon nan aksyon	P nan Fonk	111	3.50	0.83	.01
	P nan FI	82	3.19	0.67	

Tablo 2 a montre yon diferans siyifikatif nan karakteristik sosyokoyitif ak konativ (volonte pou aji) ant 2 gwoup pwofesè yo pa rapò ak eskolarizasyon elèv andikape yo. Ni pwofesè ki nan fonksyon, ni sila ki nan fòmasyon pa two kwè nan orijin divin oswa sinatirèl nan eksplikasyon andikap la. Men, kwayans pwofesè yo ki nan fòmasyon an

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

($M = 2.74$) pi fò pase kwayans pwofesè ki an fonksyon ($M = 2.21$). Konsènan santiman konpetans, pwofesè ki an fonksyon yo panse yo pa konpetan pou ansèye elèv andikape yo ($M = 2.21$) ; pèsepsyon sou santiman konpetans pwofesè ki nan fòmasyon yo pi ba toujou ($M = 1.68$). An reyalite, pou ti gwoup ki jwenn fòmasyon espesifik la, yo konfime fòmasyon sa a pa reponn ak bezwen yo, li pa pèmèt yo devlope konpetans nesesè pou yo kapab ansèye elèv andikape yo nan lekòl òdinè. Pou sa ki konsène entansyon nan aksyon yo an favè elèv andikape yo (adaptasyon metòd ansèyman…), pwofesè yo ki nan fòmasyon an pa gen yon pozisyon klè pou konnen si yo ap fè efò pou adapte yo ak elèv sa yo ($M = 3.19$), yo nan dout ; pandan tan sa, pwofesè yo ki nan fonksyon an gen yon entansyon ki plizoumwen favorab ($M = 3.50$) pou aji an favè elèv andikape yo.

Tab. 3 : Estatistik deskriptiv ak rezilta nan Test Mann-Whitney pwofesè yo ki nan fonksyon (P nan Fonk) ak pwofesè yo ki nan fòmasyon inisyal (P nan FI)

Dimansyon	**Gwoup**	**K**	***M***	***ET***	***P***
Benefis entegrasyon	P nan Fonk	111	3.82	0.76	.05
	P nan FI	82	3.58	0.62	
Kapasite pou anseye	P nan Fonk	111	2.45	0.92	.01
	P nan FI	82	2.06	0.86	
Kapasite pou jere klass entegrativ	P nan Fonk	111	2.98	0.68	.01
	P nan FI	82	2.70	0.68	
Pwogrè nan lekol	P nan Fonk	111	3.97	1.26	.05
	P nan FI	82	3.60	1.07	

Nan tablo 3 a, nou kapab obsève yon diferans siyifikatif ant pwofesè yo ki nan fonksyon ak sila yo ki nan fòmasyon an pa rapò ak atitid yo sou eskolarizasyon elèv andikape yo. Daprè 4 dimansyon kesyonè mezi a (ORI), nou ka wè pwofesè yo ki nan fonksyon an gen atitid ki pi an favè eskolarizasyon elèv andikape yo pase sila yo ki nan fòmasyon an. Menm si pwofesè yo ki ap anseye yo jije entegrasyon elèv sa yo pral pote benefis pou tout moun (akseptasyon diferans, devlopman otonomi…), atitid yo vrèman rezève ($M = 3.82$) « *yo dakò tou piti* ». Se menm bagay la pou dimansyon pwogrè akademik elèv andikape yo (devlopman konpetans lekòl…) kote yo « *dakò tou piti* » ($M = 3.97$). Men, menm si mwayèn pwofesè nan fonksyon yo ($M = 2.98$) pi wo pase pwofesè ki nan fòmasyon yo ($M = 2.70$), yo tou 2 di li kanmenm difisil pou yo jere yon klas ki gen yon elèv andikape ladan l (tan konsakre ak elèv la, jere lòd…). Pou fini, yo panse yo pa ase abil pou reponn ak bezwen elèv sa yo ($M = 2.45$), san dout, se paske yo manke fòmasyon.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Tab. 4 : Matris korelasyon ant kwayans, santiman konpetans, entansyon nan aksyon ak dimansyon ORI nan mitan pwofesè yo ki nan fonksyon (n = 111)

Varyab	1.	2.	3.	4.	5.	6.	7.
1. Kwayans	---						
2. Santiman konpetans	-.631 ***	---					
3. Entansyon nan aksyon	-.802 ***	.685 ***	---				
4. Benefis entegrasyon	-.688 ***	.548 ***	.589 ***	---			
5. Kapasite pou anseye	-.366 ***	.405 ***	.414 ***	.054	---		
6. Kapasite pou jere klass entegrativ	-.632 ***	.431 ***	.542 ***	.322 ***	.495 ***	---	
7. Pwogrè nan lekòl	-.776 ***	.574 ***	.692 ***	.492 ***	.477 ***	.509 ***	---

Note. * p < .05, ** p < .01, *** p < .001

Tab. 5 : Matris korelasyon ant kwayans, santiman konpetans, entansyon nan aksyon ak dimansyon ORI nan mitan pwofesè yo ki nan fòmasyon (n = 82)

Variables	1.	2.	3.	4.	5.	6.	7.
1. Kwayans	---						
2. Santiman konpetans	-.718 ***	---					
3. Entansyon nan aksyon	-.682 ***	.740 ***	---				
4. Benefis entegrasyon	-.571 ***	.344 **	.329 **	---			
5. Kapasite pou anseye	-.550 ***	.572 ***	.478 ***	.206	---		
6. Kapasite pou jere klass entegrativ	-.690 ***	.550 ***	.604 ***	.575 ***	.606 ***	---	
7. Pwogrè nan lekòl	-.619 ***	.519 ***	.543 ***	.590 ***	.482 ***	.579 ***	---

Note. * p < .05, ** p < .01, *** p < .001

Kalkil korelasyon yo ant karakteristik sosyokoyitif, konatif ansanm ak dimansyon nan kesyonè mezi atitid la (ORI) pou pwofesè an fonksyon yo (tablo 4) ak sila yo ki nan fòmasyon an (tablo 5) mete an valè relasyon ki siyifikatif yo pou nenpòt nan 2 gwoup sa yo. Rezilta yo montre « kwayans kiltirèl » ak « santiman konpetans evalye » pou anseye elèv andikape yo trè enpòtan nan pwosesis eskolarizasyon elèv sa yo. Nou konstate kwayans pwofesè yo peze anpil nan atitid yo. Kwayans yo mache nan sans negatif ak lòt varyab yo. Kidonk, plis kwayans yo sou andikap fò, se mwens yo gen atitid pozitif pa rapò ak benefis entegrasyon eskolè, pwogrè akademik elèv andikape yo, kapasite pou anseye elèv andikape, ak jesyon klas pou entegrasyon an. Anplis, lè pwofesè yo makònen ak kwayans sa yo, yo santi yo mwens konpetan pou anseye elèv sa yo ; epi tou se mwens yo deside fè efò pou modifye metòd ansèyman yo. Eskolarizasyon elèv andikape yo bloke akoz efè kwayans kiltirèl yo ki asosye ak andikap la. Daprè rezilta sa yo, kwayans kiltirèl yo se yon gwo baryè pou eskolarizasyon elèv andikape yo. Yon

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

lòt bò, tout lòt dimansyon yo mache nan sans pozitif, sa vle di, plis pwofesè yo santi yo konpetan, se pi plis entansyon yo pou aji an favè elèv andikape yo vin enpòtan, epi tou se plis yo devlope atitid an favè eskolarizasyon elèv andikape yo.

4 Diskisyon

Rechèch sa a pèmèt nou evalye ak konpare atitid pwofesè yo konsènan eskolarizasyon elèv andikape yo. Li montre ni pwofesè yo ki nan fonksyon, ni sila yo ki nan fòmasyon, atitid yo pa an favè eskolarizasyon elèv andikape yo nan lekòl òdinè yo. Gen plizyè rezon nou deja diskite ki eksplike sa tankou : fòmasyon, santiman konpetans evalye, vizyon sou andikap. Rezilta sa yo konfime travay ki te fèt nan lòt peyi, ki montre pwofesè jeneral yo gen atitid negatif pa rapò ak fason yo wè eskolarizasyon elèv sa yo (Rakap & Kaczmarek, 2010) ; sitou pwofesè yo ki gen anpil ane nan ansèyman paske yo vle kenbe zòn konfò yo (De Boer *et al.*, 2011 ; Bhatnagar & Das, 2014). Men, rechèch nou an rive montre atitid pwofesè ki nan fonksyon yo yon jan plis an favè eskolarizasyon elèv andikape yo pase sila yo ki nan fòmasyon an. Nou sipoze eksperyans yo nan ansèyman jeneral, sitou ak elèv andikape yo (pou majorite pwofesè an fonksyon yo), pèmèt yo pran yon pozisyon ki plis favorab konsènan eskolarizasyon elèv sa yo. Rezilta sa yo korèsponn ak sa Dupoux *et al.* (2005) te obsève an Ayiti ak nan Etazini, yo te konstate eksperyans nan ansèyman jwe yon wòl ki kanmenm pozitif nan atitid pwofesè yo pa rapò ak elèv andikape yo nan lekòl òdinè yo. Kidonk, ak anpil ane eksperyans, menm atitid ki pi negatif la kapab evolye (LeRoy & Simpson, 1996 ; Sharma *& al.*, 2018).

Pami pwofesè yo ki nan fonksyon ak nan fòmasyon an, sèlman yon minorite ki benefisye fòmasyon espesifik. Majorite nan yo jije fòmasyon sa yo pa apwopriye epi pa pèmèt yo adapte yo ak bezwen elèv andikape yo. Lòt rechèch ki fèt nan kèk ane pase epi nan lòt kòntèks fè menm konsta a (Starczewska *& al.*, 2012 ; Benoit, 2016). Anplis, an Ayiti, sa pa gen anpil tan (apre tranblemann tè 2010 la) depi yo kòmanse ap reflechi sou kesyon pou mete kèk modil sou koze enklizyon eskolè nan pwogram fòmasyon pwofesè yo. Jouk jounen jodi a, refleksyon sa poko vrèman reyalize nan fòmasyon pwofesè yo nan tout peyi a. Kòm konsekans, pwofesè yo ki nan fonksyon ansanm ak sila yo ki nan fòmasyon pa konsidere tèt yo konpetan pou anseye elèv andikape yo. San dout, mank sa ranfòse atitid pwofesè yo ki pa an favè eskolarizasyon elèv sa yo. Rezilta nou yo konfime sa Scruggs ak Mastropieri (1996) te di sou kesyon sa, fas ak elèv andikape yo, pwofesè yo rekonèt yo pa gen ase konpetans, konfyans, ak konesans. Men rezilta nou yo montre tou pwofesè ki nan fonksyon yo evalye tèt yo pi konpetan pase sila yo nan ki nan fòmasyon yo. Rezilta sa yo, menm jan ak rezilta lòt rechèch (LeRoy & Simpson, 1996 ; Avramidis *& al.*, 2000 ; Cook, 2004) ki montre, ak eksperyans, jou aprè jou, pwofesè yo devlope konpetans nan zafè eskolarizasyon elèv andikape : yo konprann ak idantifye pi byen bezwen elèv sa yo, epi yo rive abòde yo avèk plis efikasite ak metriz. Malgre yo wè yo pa gen konpetans ase pou anseye elèv andikape yo, rezilta nou yo montre pwofesè yo pa totalman kont eskolarizasyon elèv sa yo nan lekòl òdinè yo. Sa a kapab eksplike pa yon mank konfyans ki soti nan yon santiman enkonpetans nan nivo pedagojik epi ki kapab korije lè yo patisipe nan pwogram fòmasyon. Li ta dwe tou yon kesyon pou modifye reprezantasyon sou andikap la, sitou karaktè sipèstisye (Poizat, 2008).

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

Relasyon negatif ant kwayans kiltirèl ak atitid pwofesè yo ka eksplike pa fèt ke an Ayiti, andikap oswa nenpòt ki lòt pwoblèm/twoub konsidere tankou yon evènman misterye, danjre, kontajye, epi ki tou gen kapasite kreye laperèz lakay moun yo ki pa gen andikap la (Wamba, 2020). Sa vle di, an Ayiti, yo entèprete andikap la kòm yon malediksyon ki soti bò kote Bondye, yon atak ki soti kote espri sinatirèl yo (lwa), ki ka gen yon enfliyans sou moun yo. Nap fè remake literati syantifik ki konsantre sou kwayans (Tardif & Lessard, 1999 ; Doise, 2003) eksplike kwayans yo pwodui atitid epi gide pratik pwofesyonèl yo.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703